



# stop · block · talk

## 01.

Timoun kòmanse sèvi avèk teknoloji depi yo tou piti - menm si yo pa gen pèmisyon pou fè sa. Yo gen zanmi ki gen aksè ilimité pou sèvi avèk aparèy ak jwèt yo, oubyen yo gen pi gran frè ak sè ki mete yo an kontak avèk anpil nan bagay sa yo. Yo gen yon non sekèr pou rele Jaemie's house, ki se "screen time central" (santral pou tan sou ekran).

## 02.

**Aplikasyon yo fèt yon jan pou yo adiktif, kidonk ptit ou ap vle genyen tout zanmi, moun k ap swiv li, ak apresyasyon li ka genyen.**

Apresyasyon (likes), kè, pyès annò, ak lòt ikòn ak kredi yo, se monnen pou aktivite sosyal ak pou jwèt. Lè li resevwa kado konsa yo, sa reprezante nan sèvo li yon rekonpans, ki fè li santi moun renmen li, epi sa konn pèmèt li jwenn plis rannman nan aplikasyon oswa nan jwèt la. Timoun yo vle rekonpans sa yo, kidonk y ap gen lapenn si yo pa resevwa yo, epi y ap fè sa yo kapab pou jwenn yo.

## 03.

**Si ptit ou gen plis pase 12an, I ap sèvi avèk SnapChat, ki se lang timoun laj li yo pito.** Ptit ou a genyen omwen senk SnapStreaks ki aktive tout tan. Si ptit ou a pa kenbe kadans avèk echanj sa yo, I ap santi li pèdi tout bavay, epi I ap mouri imilyasyoon. Se youn nan rezon ki fè li pa kapab rete san telefòn li. Si gen yon rezon ki fè ou pran aparèy la nan men li, I ap bay yon zanmi mopas li, pou zanmi an kenbe echanj lan aktive pou li. Yo pataje mopas tankou bonbon.

## PALE TOUT BON :

10 premye bagay nou ta renmen tout paran konnen sou teknoloji ak rezo sosyal

## 04.

**Rezo sosyal yo ak nenpòt ki pòtay entènèt pou fè pataj kapab vin mechan anpil, san sa pa bezwen pran lontan.** Si ou gen 13an, epi yon moun contrarye w, ou ka rele moun sa a nenpòt ki non, nan yon konvèrsasyon an gwoup. oubyen si ou sèlman santi ou ta renmen kòmanse yon trajedi, ou ka kreye yon fo kont Instagram epi kòmanse pale sou lòt timoun ou konnen. oubyen ou ka monte sou entènèt, epi fè kòmantè ànonim sou YouTube yon lòt moun, oswa sou videoyo Tic Tac. Li fasil pou fè mechanste, lè ou kache dèyè yon aparèy. Epi li fasil tou, pou blese santiman yon timoun.

## 05.

**Yo mande ptit ou voye yon foto li toutouni.** Li posib pou timoun lan pa te voye foto a, men li posib tou pou li te voye li. Li kapab te pataje foto a avèk yon zanmi nan lekòl li, oubyen avèk yon moun li te kontre sou entènèt oubyen pandan l ap jwe. Kapab menm gen moun ki te fòse ptit ou oswa fè mennas sou li, pou fè li voye plis foto ak videoyo. Si sa rive, timoun lan ap chèche gade ki opsyon li kapab pi pè - ant pale avèk yon paran, oswa reponn yon predatè.

## 06.

**Genyen 6 milyon predatè seksyèl sou latè a. Epi yo vle pale avèk ptit ou.** Yo konnen avèk ki pòtay entènèt timoun yo sèvi - depi Roblox ak Fortnite pou rive nan Kik ak Instagram. Y ap fè ptit ou a konpliman, oubyen y ap ba li kredi oswa pyès annò, epi timoun lan ap konprann se yon nouvo zanmi li fè.



KANPE, BLOKE, PALE se yon pwogram  
**Rachael Rollins, Avoka Distrik pou Konte Suffolk**

[www.suffolkdistrictattorney.com](http://www.suffolkdistrictattorney.com)

617-619-4000 | @StopBlockTalk



[www.suffolkcac.org](http://www.suffolkcac.org)

617-779-2146



## 07.

Timoun yo konnekte regilyèman avèk moun yo pa konnen, sa ki vle di tou predatè seksyèl nou pale pi wo la yo. Se pa sèlman foto ak videoyo timoun, predatè yo ap gade sou entènèt.

Timoun ap voye videoyo an dirèk pandan yo nan chanm yo, epi lòt moun nan nенpòt peyi - sa ki vle di tou predatè seksyèl nou pale pi wo la yo - ap gade yo pandan y ap abiye pou ale lekòl, oswa jwe avèk zanmi, chante, fè jwèt, dòmi (wi, pandan y ap dòmi), epi nan lòt sikonstans ankò. Paran ak pwofesè yo konn parèt tanzantan nan videoyo an dirèk sa yo tou, san yo pa konnen.

## 08.

**Menm si ou gen bon relasyon anpil avèk ptit ou, li ka pa vle di ou lè gen yon bagay kontraryan k ap rive anliy.** Lap pè ou fè yon twò gwo

reyakson, oubyen rele sou li, pran aparèy la nan men li, ba li yon pinisyon, oubyen menm imilye li. Timoun lan deja gen yon lawont, epi li pa konnen kisa pou li fè. Menm si ou mande « Èske ou gen yon bagay k ap anbete w ? », li pa pral di ou.

## 09.

**Se pa yon pwoblèm. Pran konsyans, se premye etap ki pi enpòtan an.** Tanpri sonje sa, danje sa yo toupatou. Nou konseye ou, anplis pale avèk ptit ou sou bagay sa yo, pou ou FÈ EGZÈSIS pou sekirite avèk li anliy. Aprann li KANPE sou yon komunikasyon si yon moun poze li yon kesyon pèsonnèl oubyen di gwo mo, BLOKE moun sa a san li pa bezwen santi li jennen ni antò, epi PALE avèk yon moun li fè konfyans, si li bezwen yo ede l. Kenbe sanfwa ou, rete kalm, epi montre tolerans si gen erè ki fèt. Pral gen pwoblèm ki parèt, men jan ou regle yo pral fè tout diferans ki ka genyen sou latè. Timoun lan kapab pran kontwòl avèk metòd KANPE, BLOKE, ak PALE a. Repete li avèk li, sèvi avèk li, epi montre li kouman pou li fè.

## 10.

**N ap retounen di li ankò : Rete kalm.** Di timoun lan li mèt pale avèk ou san li pa santi li wont. Di li ou pa pral rele sou li, ni akize li, epi pa fè bagay sa yo vre. Sa ki rive a pa te fòt li. Sosyete anliy nou an difisil pou kontwole kèlkeswa laj yon moun, sa ki pi mal toujou lè ou gen 12an.

## Lòt Resous:

**Cybertips (pou fè rapò sou esplwatasyon anliy):** 1-800-843-5678

[www.cybertipline.com](http://www.cybertipline.com)

[www.netsmartz.org](http://www.netsmartz.org)

[www.fosi.org](http://www.fosi.org)

**Pou konsèy espesyal pou aplikasyon ak pou jwèt:**

[www.connectsafetly.org](http://www.connectsafetly.org)

[www.nationalonlinesafety.com](http://www.nationalonlinesafety.com)

Ale nan adrès : Resous / Gid pou Platfòm



**KANPE, BLOKE, PALE se yon pwogram  
Rachael Rollins, Avoka Distrik  
pou Konte Suffolk**

[www.suffolkdistrictattorney.com](http://www.suffolkdistrictattorney.com)

617-619-4000 | @StopBlockTalk



[www.suffolkcac.org](http://www.suffolkcac.org)

617-779-2146